

**BASA PISUHAN WONTEN ING *SUNTINGAN* VIDEO HUMOR BASA
ASING DHATENG BASA JAWI UNDHUHAN SAKING YOUTUBE**

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunateraken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Kangge Njangkepi Sarat Pikantuk

Gelar Sarjana Pendidikan



dening :

Muhammad Johan Arifin

11205244029

Yogyakarta, 21 Maret 2018

Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah

Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M.Hum

NIP. 19640403 199001 1 004

Yogyakarta, Maret 2018

Pembimbing

Dra. Siti Mulyani, M.Hum

NIP. 19620729 19873 2 002

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

MARET 2018

BASA PISUHAN WONTEN ING *SUNTINGAN* VIDEO HUMOR BASA ASING DHATENG BASA JAWI UNDHUHAN SAKING YOUTUBE

Spoken Languages in Foreign Language Humor Video editions in youtube

Dening : Muhammad Johan Arifin, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta,
johan1992@gmail.com

SARINING PANALITEN

Panaliten punika gadhah ancasa kangge ngandharaken basa pisuhan wonten ing *suntingan* video humor Basa Asing dhateng Basa Jawa undhuhan saking Youtube. Panaliten punika ngandharaken babagan wujud, *referen*, saha ancasa pisuhan wonten ing *suntingan* video humor Basa Asing dhateng Basa Jawa. Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Dene caranipun ngempalaken data inggih punika ngginakaken teknik *nyemak*, *nyadhap*, saha *nyatet*.

Data ingkang sampun kakempalaken punika lajeng karembag babagan wujud panganggening pisuhan ingkang dipunanalisis mawi *deskriptif*. Kangge manggihaken *validitas* data ngginakaken *triangulasi teori saha validitas semantis* dene anggenipun manggihaken *reliabilitas* ngginakaken *reliabilitas stabilitas*.

Ancasa Basa Pisuhan wonten ing *Suntingan* Video Humor Basa Asing dhateng Basa Jawa Undhuhan saking Youtube kangge ngandharaken raos duka, ngina, jengkel, kuciwa, gumun getun, saha ngandharaken raket ing sesambetan.

Dhasaring panaliten: ngrembag wujud, *referen* saha ancasa basa pisuhan.

Abstract

The study aims to describe the language of speech in the video editing of Foreign Language Humor in the Java language download of Youtube. The study describes the form, references, and intentions in the editing of Foreign Language Humor videos in Javanese. The study is a descriptive study. The way in which collecting data is to use the techniques of checking, retrieving, and recording. The collected data then talked about the formulation of a pronounced questionnaire. To find the validity of data using theory triangulation and semantical validity as it finds reliability using stability stability. The results of the study highlighted the form, the references and the intent of the spelling language in the edits of the Foreign Language humor video into the Java language download of Youtube. Ancasa Basa Pisuhan in the Editing of a Foreign Language Humor Video on Youtube Download from Youtube to express feelings of grief, despair, annoyance, disappointment, amazement, and a close relationship.

The research question: discussing the existence, references and the purpose of spelling.

A. PURWAKA

Basa inggih punika minangka sarana kangge ngandharaken gagasan, pamanggih, saha raosing manah dhateng tiyang sanes. Dene, basa ingkang dipunginakaken kangge wicantenan dhateng tiyang punika gadhah variasi ingkang kathah. Pramila, anggenipun ngginakaken basa punika tamtunipun kedah empan papan, supados basa ingkang dipunginakaken kangge wicantenan saged prayogi, saengga kedah dipunjumbuhaken kaliyan kahanan saha papanipun.

Panganggening basa punika kathah ancasipun wonten ing masyarakat. Salah satunggaling pangajab anggenipun wicantenan inggih punika kangge ngandharaken kahanan *darurat* satunggaling tiyang. Kadosta, menawi tiyang saweg duka, limrahipun basa ingkang dipunginakaken punika jumbuh kaliyan kahanan manahipun awujud basa ingkang nedahaken raos duka, saged ngemu pisuhan.

Wonten ing panaliten punika, basa tuturan video aslinipun saderengipun dipunewahi inggih punika mawi basa asing (Inggris), nanging dening tiyang dipunewahi mawi tuturan Basa Jawa (*dubbing*). Awit mekaten, menawi dipuntandhingaken kaliyan panaliten sanes ingkang sampun ngrumiyini naliti babagan basa pisuhan, tamtu wonten bedanipun. Menawi panaliten sanes ngginakaken obyek dhagelan basa pisuhan ingkang asli paraganipun tiyang Jawa saha nyuwanten ngginakaken basa pisuhan, menawi panaliten punika ngginakaken obyek dhagelan pisuhan ingkang paraganipun tiyang asing saha swantenipun Basa Inggris nanging sampun dipunewahi babagan basanipun dados Basa Jawa. Dados panaliten punika ngginakaken obyek dhagelan basa pisuhan ingkang paraganipun tiyang asing, nanging Basanipun Jawa. Mekaten ingkang dados bedanipun obyek panaliten punika kaliyan panaliten sanes ingkang sami ngandhut babagan pisuhan.

Basa pisuhan gadah wujud, referen saha ancas kangge ngandharaken punapa kemawon ingkang saweg dipunraos dening satunggaling tiyang. Ing ngandhap punika wonten tuladha ukara mawi basa pisuhan.

Joker : “Hey, **bajingan** kabeh piye kabare, hmm?”

(Data 1, Batman Jawa no 10)

Saking tuladha ukara wonten ing inggil punika, saged kapanggihaken tembung pisuhan awujud tembung “bajingan” tembung punika asilipun saking tembung lingga “bajing”. Basa pisuhan punika kalebet jinising tembung aran, amargi dipunraketki kaliyan tembung “sanes” dados “sanes bajingan”. Menawi dipunkaji saking kamus Baoesastra Djawa, tembung bajing punika gadhah teges nama kewan. Anggenipun ngginakaken tembung “bajingan” saking ukara ing inggil punika boten dipunginakaken kangge nyebataken nama kewan kemawon, ananging punika ugi dipunginakaken kangge nyebataken lawan tuturipun Joker ingkang kados dene bajingan.

Menawi dipunrembag, anggenipun ngginakaken tembung bajingan punika, gadhah makna metaphor kanthi teges bilih mitra tuturipun Joker ingkang tiyang kathah punika sami kados dene bajingan. Joker ngginakaken tembung “bajingan” punika sanajan ketinggal misuh, ananging sejatosipun kangge gejojean kaliyan kanca-kancanipun amargi sampun rumaket anggenipun sesambetan saha awit kanca-kancanipun Joker punika salah bawanipun sami awon sedaya. Nanging, menawi dipunjumbuhaken kaliyan tata krama saha unggah-ungguh Jawa, tembung punika sejatosipun boten sae saha saru sanget amargi dipunginakaken kangge nggantos asmanipun tiyang sanes.

Saking andharan dhasaring panaliten wonten ing inggil punika, Basa Pisuhan wonten ing Video *Suntingan* Video Humor Basa Asing dhateng Basa Jawa undhuan saking Youtube saget narik kawigatosan menawi dipuntliti, amargi wonten ing video basa pisuhanipun boten namung dipunginakaken kangge

misuh, ananging saged ugi dipunginakaken kangge ancas sanesipun. Panaliten punika badhe ngandharaken wujud, *referen* saha ancas Basa Pisuhan wonten ing *Suntingan* Video Humor Basa Asing dhateng Basa Jawa Undhuhan saking Youtube. Wosing perkawis inggih punika:

1. Menapa kemawon wujud Basa Pisuhan wonten ing *Suntingan* Video Humor Basa Asing dhateng Basa Jawi Undhuhan saking Youtube.
2. Punapa kemawon *referen* Basa Pisuhan wonten ing *Suntingan* Video Humor Basa Asing dhateng Basa Jawi Undhuhan saking Youtube.
3. Punapa kemawon ancas panganggening Basa Pisuhan wonten ing *Suntingan* Video Humor Basa Asing dhateng Basa Jawi Undhuhan saking Youtube

B. GEGARAN TEORI

Nababan (1982:2), ngandharaken bilih *sosiolinguistik* inggih punika ngelmu ingkang ngrembag babagan basa ingkang dipunginakaken dening panutur basa wonten ing masyarakat. Pamanggih Nababan punika sami intinipun kaliyan pamanggih sanesipun, Chaer & Agustina (2010:2) ingkang ngandharaken bilih *sosiolinguistik* inggih punika bidang ngelmu ingkang ngrembag basa, gayutanipun kaliyan panganggening basa wonten ing masyarakat.

Ing padintenan, limrahipun tiyang mbetahaken tiyang sanes minangka *makhluk sosial*. Perkawis punika tamtunipun kedah mbetahaken satunggaling sarana supados saged sesrawungan kanthi sae. Pramila kedah ngginakaken sarana awujud basa kangge wicantenan tumrap tiyang satunggal kaliyan tiyang sanesipun supados kekajenganipun saged kasil. Nanging, kedah mangertosi bilih ing masyarakat punika boten namung wonten satunggal jinis basa kemawon, nanging kathah ragam basa saengga tiyang punika kedah ngginakaken basa ingkang jumbuh minangka sarana sesambetan ing masyarakat.

Panaliten kanthi irah-irahan “Basa Pisuhan Wonten Ing *Suntingan* Video Humor Basa Asing Dhateng Basa Jawa Undhuhan Saking *Youtube*” punika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* inggih punika panaliten ingkang ngrembag punapa wontenipun perkawis ingkang dipuntliti. Panaliten punika nliti babagan basa pisuhan ingkang dipunwicantenaken wonten ing video Pisuhan *Dubbing* Jawa. Basa ingkang kaginakaken inggih punika punika Basa Jawa ngoko ingkang ngemu pisuhan. Basa pisuhan punika kalebet basa ingkang boten prayogi menawi dipunginakaken kangge wicantenan wonten ing masyarakat, amargi boten jumbuh kaliyan tata krama unggah-ungguh Basa Jawa. Pisuhan punika, badhe karembag babagan wujud, *referen* saha ancas basa wonten ing video Pisuhan *Dubbing* Jawa.

Dene cara kangge ngempalaken data ingkang dipunginakaken ing panaliten punika kanthi teknik nyemak, nyadap, saha nyatet.

Teknik nyemak ingkang kaginakaken wonten ing panaliten punika mawi Teknik *Simak Bebas Libat Cakap* (Sudaryanto, 2001: 135). Teknik punika dipunginakaken kangge madosi data kanthi nyemak panganggening basa ananging panaliti boten tumut ing pangendikan (Sudaryanto, 2001: 135). Panutur minangka sumber data punika boten mangertos bilih tuturanipun saweg dipunsadap dening panaliti kangge data panaliten (Sudaryanto, 2001: 136). Dene cak-cakanipun piranti ingkang kaginakaken wonten ing teknik punika inggih punika panaliti piyambak (Sudaryanto, 2001: 136).

Teknik salajengipun ingkang kaginakaken kangge manggihaken data inggih punika teknik nyadap. Sudaryanto (2001:133) ngandharaken bilih teknik nyadap punika metode nyimak ingkang dipunlampahi kanthi nyadap saking tuturanipun panggening basa dening setunggal tiyang utawi tiyang kathah. Wonten ing teknik nyemak saha nyadap

punika panaliti nyadap data ingkang awujud pisuhan tuturan lisan saking Video *Dubbing* Jawa kanthi manggihaken wujud pisuhan mawi tembung, *frasa*, saha *klausa*.

Menawi teknik nyemak saha teknik nyadap sampun kalampahan, salajengipun inggih punika kanthi teknik nyatet. Teknik nyatet miturut Kesuma (2007: 45) inggih punika teknik nyaring data supados kangge nyathet asilipun nyemak kalebetaken wonten ing kartu data. Caranipun nyathet data wonten ing kartu data ing panaliten punika ngginakaken *transkripsi ortografis*. *Transkripsi ortografis* inggih punika transkripsi ingkang ngginakaken ejaan. Sedaya tuturan ingkang dipunmirengaken saking Video *Dubbing* Jawa lajeng dipuncathet kanthi milah tuturan ingkang ngemu pisuhan.

Asiling *transkripsi* ingkang awujud tuturan pisuhan punika lajeng dipunlebetaken wonten ing kartu data. Menawi kangge manggihaken wujud pisuhan panaliti nggayutaken data kaliyan teori ingkang dados acuanipun. Dene kangge manggihaken *referen* pisuhan panaliti njumbuhaken *konteks* pisuhan kaliyan kahanan ingkang limrah wonten ing pagesangan. Menawi sedaya data babagan tuturan pisuhan sampun kakempalaken salajengipun dipunserat wonten ing kartu data.

D. ASILING PANALITI SAHA PIREMBAGAN

Wonten ing babagan punika badhe ngandharaken asiling saking panaliten miturut wujud, *referen*, saha ancas basa pisuhan wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa. Wujud pisuhan ingkang kapanggihaken punika badhe karembag *referenipun* kanthi ningali kahanan wonten ing masarakat. Pisuhan ingkang kapanggihaken babagan *referenipun* lajeng dipunpadosi ancasiipun kanthi ningali konteks saking tuturan panatur dhateng mitra tuturipun. Dene data ingkang ngrembag babagan wujud, *referen* saha ancas basa pisuhan asiling panaliten lajeng dipunkalompokaken wonten ing

salebeting tabel supados langkung gampang anggenipun nganalisis.

Asiling data saking panaliten ingkang kapanggihaken punika lajeng kalebetaken wonten ing tabel analisis. Wonten ing salebeting tabel analisis punika, ngemot babagan wujud, *referen*, saha ancas saha indikator minangka asil saking panaliten. Dene asiling panaliten badhe dipunandharaken wonten ing tabel ngandhap punika.

1. Pisuhan Awujud Tembung

Asiling panaliten, pisuhan wonten ing Pisuhan *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa punika kapanggihaken pisuhan awujud tembung. Kanthi wujudipun lajeng dipunandharaken *referen* saha ancas basa pisuhan punika miturut *konteks* tuturan panatur dhateng lawan tuturipun. Pirembaganipun badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

a) Pisuhan Awujud Tembung Lingga

Wonten ing pirembagan punika badhe kaandharaken babagan pisuhan awujud tembung lingga wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa. Wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken tembung lingga gadhah *referen* nama kewan, perangan badhan, jinising lembut saha kahanan tiyang. *Referen* ingkang kapanggihaken punika dipunartosi mawi *konteks* tuturan saha kahanan. Saking *konteks* tuturan saged dipuntingali ancas pisuhan punika. Pirembaganipun saged dipuntingali wonten ing ngandhap punika.

1) Pisuhan Awujud Tembung Lingga Referen Nama Kewan

Pisuhan awujud tembung lingga *referen* nama kewan dipunperang dados gangsal inggih punika pisuhan kangge ngandharaken raos jengkel, duka, raking sesambetan, ngina saha kuciwa.

- (a) Pisuhan Awujud Tembung Lingga *Referen* Nama Kewan kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken

pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* nama kewan saha kangge ngandharaken raos jengkel. pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* nama kewan saha kangge ngandharaken raos jengkel badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

Konteks : Marijah wicantenan dhateng Spiderman badhe nderek piyambakipun plesir dhateng kutha ageng, nanging panyuwunanipun Marijah punika boten dipunparengaken dening Spiderman.

(1) Marijah: “Aku ora entuk melu, **wedhus!**”

(Data 6, Spiderman Jawa no 4)

Wonten ing tuladha inggil punika kapanggihaken pisuhan awujud tembung ‘wedhus’. Tembung ‘wedhus’ punika kalebet tembung pisuhan amargi wonten ing ancasipun boten kangge nyebataken wedhus minangka nama kewan, ananging kangge nyebat lawan tuturipun Marijah inggih punika Spiderman.

Tembung ‘wedhus’ punika kalebet tembung lingga. Tembung ‘wedhus’ punika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking asalipun saha dereng kaparingan wuwuhan.

Referen saking pisuhan tembung ‘wedhus’ punika kalebet referen nama kewan. Tembung ‘wedhus’ punika nedahaken satunggaling kewan rajakaya ingkang swantenipun ngembek. Wonten ing tuturan punika Marijah nyebat lawan tuturipun ‘wedhus’. Punika tamtunipun sampun beda saking *acuan* ‘wedhus’ minangka nama kewan, nanging tembung ‘wedhus’ sejatosipun dipunginakaken kangge nyebut asmanipun Spiderman minangka lawan tuturipun. Pramila wonten ing ukara pisuhan punika, referen saking pisuhan sampun beda artosipun. Nanging taksih wonten gayutipun bilih patrap Spiderman ingkang njengkelaken Marijah amargi boten ngeparengaken ndherek

Plesir ing kutha ageng dipunsamikaken kados patrap wedhus.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel Marijah rikala wicantenan dhateng Spiderman kanthi nyuwun badhe ndherek plesir dhateng kutha ageng, nanging Spiderman boten ngeparengaken Marijah ndherek plesir dhateng kutha ageng saengga ndadosaken piyambakipun jengkel. Kangge ngandharaken raos jengkelipun Marijah dhateng patrapipun Spiderman punika lajeng nyebat piyambakipun wedhus.

2) Pisuhan Awujud Tembung Lingga *Referen* Perangan Badhan

Pisuhan awujud tembung lingga *referen* perangan badhan wonten ing salebeting Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken setunggal ancas inggih punika kangge ngandharaken raos jengkel. Pirembagan babagan pisuhan punika badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Lingga *Referen* Perangan Badhan kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* perangan badhan saha kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* perangan badhan saha kangge ngandharaken raos jengkel badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

Konteks: Joker rawuh wonten ing rapat gelap para mafia lajeng piyambakipun wicantenan badhe nyariosaken babagan kahanipun rikala dipunkunjara amargi dipuntedah nyolong ayamipun mbok Darmi. Nanging pakdhe saestu jengkel,

amargi Joker ingkang tutugipun risak punika badhe paring cariyos.

(6) Pakdhe: “Hmm **cangkem** suwek ngono arep cerita!”

(Data 1, Batman Jawa, no 12)

Wonten ing tuladha inggil punika kapanggihaken pisuhan awujud tembung ‘cangkem’. Tembung ‘cangkem’ punika kalebet tembung pisuhan amargi wonten kalebet tembung kasar saha menawi dipunmirengaken punika boten sekeca. Wonten ing salebeting tuturan punika tembung ‘cangkem’ kalebet tembung pisuhan amargi punika saestu kangge nyebataken tutugipun joker.

Tembung ‘cangkem’ punika kalebet tembung lingga. Tembung ‘cangkem’ punika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking asalipun saha dereng kaparingan wuwuhan.

Referen saking pisuhan tembung ‘cangkem’ punika kalebet referen perangan badhan. Tembung ‘cangkem’ punika nedahaken basa kasaripun tutug. Wonten ing tuturan punika pakdhe nyebat tutugipun Joker ingkang badhe nyariyosaken kahananipun rikala dipunkunjara amargi dipuntedah nyolong ayamipun Mbok Darmi kanthi sebatan ‘cangkem’. Punika dipunwicantenaken Pakdhe dhateng Joker ingkang tutugipun risak nanging kemaki badhe paring cariyos.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel Pakdhe dhateng Joker ingkang tutugipun risak nanging kemaki badhe paring cariyos kanthi nyebataken tutugipun Joker mawi sebatan cangkem.

3) Pisuhan Awujud Tembung Lingga *Referen Kahanan Tiyang*

Pisuhan awujud tembung lingga *referen* kahanan tiyang wonten ing

salebeting Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken enem ancas inggih punika kangge ngandharaken raos nginaraketing sesambetan, kuciwa, duka, getun saha gumun. Pirembagan babagan pisuhan punika badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

2. Pisuhan Awujud Tembung Andhahan

Wonten ing perangan punika badhe karembag pisuhan wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa ingkang ngemu tembung andhahan. Wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan saking tembung lingga pikantuk ater-ater, seselan, panambang saha campuran. Wonten ugi tembung andhahan ingkang awujud tembung wancah saha tembung rangkep. Pirembagan babagan pisuhan tembung andhahan badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

a) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Ater-Ater

Wonten ing salebeting Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater kanthi setunggal *referen* inggih punika *referen aktivitas* tartamtu ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken raos jengkel, raking sesambetan, gumun saha duka. Pirembagan babagan pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Ater-Ater *Referen Aktivitas Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Jengkel*

Wonten ing salebeting Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater kanthi *referen aktivitas* tartamtu saha kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing ngandhap punika.

Konteks: Joker dipunancem badhe dipunantemi dening Pak Sipir menawi boten saged mendel anggenipun guneman, nanging Joker ugi boten ajrih kanthi badhe ngladosi ancemanipun Pak Sipir.

(14) Joker: “Kowe wani **ngajar** aku, nyoh kowe rasakna!”

(Data 1, Batman Jawa no 8)

Wonten ing tuladha inggil punika kapanggihaken pisuhan awujud tembung ‘ngajar’. Wonten ing salebeting tuturan punika tembung ‘ngajar’ kalebet tembung pisuhan amargi kalebet tembung ingkang kasar saha limrahipun kaginakaken kangge damel kacilakan dhateng tiyang sanes. Wonten ing *konteks* punika tembung ‘ngajar’ dipunginakaken dening Pak Sipir kangge ngancem dhateng Joker

Tembung ‘ngajar’ punika kalebet tembung andhahan. Tembung ‘ngajar’ punika kalebet tembung andhahan amargi sampun ewah saking lingganipun saha karaketan wuwuhan. Pisuhan ing nginggil punika kalebet tembung andhahan amargi sampun ewah saking linggalipun ‘ajar’ pikantuk ater-ater ng-.

Referen saking pisuhan tembung ‘ngajar’ punika kalebet *referen aktivitas* tartamtu. Tembung ‘ngajar’ punika *acuanipun* nedahaken damel kacilakan dhateng tiyang sanes supados piyambakipun ajrih. Wonten ing tuturan punika Joker boten tampi kaliyan ancemanipun Pak Sipir ingkang badhe ‘ngajar’ piyambakipun amargi kathah wicantenanipun.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel Joker dhateng Pak Sipir ingkang ngancam badhe ‘ngajar’ piyambakipun menawi kathah gunemanipun. Kangge ngandharaken raos jengkel, Joker ugi mangsuli ancemanipun

Pak Sipir ingkang badhe ‘ngajar’ piyambakipun kanthi ngajar ugi Pak Sipir.

b) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Seselan

Wonten ing salebeting Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan seselan kanthi kalih *referen* inggih punika *referen* kahanan tiyang saha *aktivitas* tartamtu ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken raos ngina, duka, saha gumun. Pirembagan babagan pisuhan awujud tembung andhahan seselan badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

1) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Seselan Referen Kahanan Tiyang

Pisuhan awujud tembung lingga *referen* kahanan tiyang wonten ing salebeting Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken kalih ancas inggih punika kangge ngandharaken raos ngina saha gumun. Pirembagan babagan pisuhan punika badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Seselan *Referen* Kahanan Tiyang kangge Ngandharaken Raos Ngina

Wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan seselan kanthi *referen* kahanan tiyang saha kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan awujud tembung andhahan seselan ingkang gadhah *referen* kahanan tiyang saha kangge ngandharaken raos duka badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

Konteks: *Reporter* mangertosi bilih Presiden Bush kecolongan, piyambakipun ugi misuh dhateng Presiden Bush kanthi paring pitaken babagan para wadyabalanipun.

(18) *Reporter:* “Lha kowe **guoblok** og Bush, pengawalmu ki dha neng endi?”

(Data 11, Presiden Bush Kelangan Cawet, no 7)

Wonten ing tuladha inggil punika kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan seselan inggih punika 'guoblok'. Tembung 'guoblok' asalipun saking tembung lingga 'goblok' ingkang pikantuk seselan -u-. Tembung 'guoblok' punika kalebet tembung pisuhan amargi kalebet tembung kasar saha dipuntujokaken kangge nyebataken kahananipun tiyang. Wonten ing salebeting tuturan punika tembung 'guoblok' kalebet tembung pisuhan amargi dipuntujokaken kangge nyebataken kahananipun Presiden Bush.

Referen saking pisuhan tembung 'guoblok' punika kalebet *referen* kahanan tiyang. Tembung 'guoblok' punika nedahaken tiyang ingkang bodho sanget. Wonten ing tuturan punika reporter mangertosi bilih griyanipun Presiden Bush kecolongan, piyambakipun ugi misuh kanthi nyebat Presiden Bush 'guoblok' kanthi paring pitaken babagan para wadyabalanipun.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos ngina *reporter* dhateng Presiden Bush ingkang griyanipun kecolongan, kamangka piyambakipun gadhah wadyabala ingkang kathah.

2) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Seselan *Referen Aktivitas Tartamtu*

Pisuhan awujud tembung lingga *referen aktivitas* tartamtu wonten ing salebeting Pisuhan *Dubbing* Jawa kapanggihaken setunggal ancas inggih punika kangge ngandharaken raos duka. Pirembagan babagan pisuhan punika badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Seselan *Referen Aktivitas Tartamtu* kangge Ngandharaken Raos Duka

Wonten ing Pisuhan *Dubbing* Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan seselan kanthi *referen aktivitas* tartamtu saha kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud tembung andhahan seselan ingkang gadhah *referen aktivitas* tartamtu saha kangge ngandharaken raos duka badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

Konteks: Mamak guneman kanthi swanten ingkang inggil ugi kanthi nempiling larenipun awit dipunparingi pitutur boten dipungatosaken nanging malah nggembeleng.

(20) Mamak: "**Modyar** kowe Sinchan!"

(Data 12, keluarga Sinchan, no 12)

Wonten ing tuladha inggil punika kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan seselan inggih punika 'modyar'. Tembung 'modyar' asalipun saking tembung lingga 'modar' ingkang pikantuk seselan -y-. Tembung 'modyar' punika kalebet tembung pisuhan amargi kalebet tembung kasar saha dipunginakaken kangge nyebataken tiyang ingkang seda. Wonten ing salebeting tuturan punika tembung 'modyar' kalebet tembung pisuhan amargi dipunwicantenaken mamak kanthi ngampleng dhateng Sinchan.

Referen saking pisuhan tembung 'modyar' punika kalebet *referen aktivitas* tartamtu. Tembung 'modyar' punika nedahaken tiyang ingkang seda. Wonten ing tuturan punika mamak nempiling Sinchan kanthi celathu 'modyar' amargi piyambakipun nggembeleng boten miturut dhateng pituturipun tiyang sepuh.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka mamak rikala nempiling Sinchan kanthi celathu 'modyar' amargi piyambakipun nggembeleng boten miturut dhateng pituturipun tiyang sepuh.

c) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Campuran

Wonten ing salebeting Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan campuran kanthi setunggal *referen* inggih punika *referen aktivitas* tartamtu ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken raos jengkel, saha ngina. Pirembagan babagan pisuhan awujud tembung andhahan campuran badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Campuran *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Wonten ing Pisuhan *Dubbing* Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan campuran kanthi *referen aktivitas* tartamtu saha kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan awujud tembung andhahan campuran ingkang gadhah *referen aktivitas* tartamtu saha kangge ngandharaken raos jengkel badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

Konteks: Jeki Ceng ngina dhateng putranipun tukang pijet amargi piyambakipun lare alit ingkang taksih asring ngompol nanging sampun tumindak nggembeleng.

(21) Jeki Ceng: “Cah cilik **nguyuhe** durung bener wae nggembeleng!”

(Data 21, Wawancara Tukang Pijet, no 1)

Wonten ing tuladha inggil punika kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan seselan inggih punika ‘nguyuhe’. Tembung ‘nguyuhe’ asalipun saking tembung lingga ‘uyuh’ ingkang pikantuk ater-ater ng- saha panambang -e Tembung ‘nguyuhe’ punika kalebet tembung pisuhan amargi dipunginakaken kangge nyebataken tumindakipun tiyang ingkang nggembelo. Wonten ing salebeting tuturan punika tembung ‘nguyuhe’ kalebet tembung pisuhan amargi dipunwicantenaken Jeki Ceng dhateng larenipun tukang pijet.

Referen saking pisuhan tembung ‘nguyuhe’ punika kalebet referen *aktivitas* tartamtu. Tembung ‘nguyuhe’ punika nedahaken tiyang ingkang bebucal sene. Wonten ing tuturan punika Jeki Ceng ngunem dhateng larenipun tukang pijet ingkang nggembeleng dhateng piyambakipun awit boten purun kapurih ngaso anggenipun dolanan.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel Jeki Ceng amargi larenipun tukang pijet ingkang nggembeleng dhateng piyambakipun rikala kapurih ngaso anggenipun dolanan.

d) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Panambang

Wonten ing salebeting Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan panambang kanthi tigang *referen* inggih punika *referen* pedamelan, *aktivitas* tartamtu, saha dhaharan ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken raos raketingsesambetan, saha jengkel. Pirembagan babagan pisuhan awujud tembung andhahan campuran badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Panambang *Referen* Pedamelan kangge Ngandharaken Raos Raketingsesambetan

Wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan panambang kanthi *referen* pedamelan saha kangge ngandharaken raos raketingsesambetan. Pisuhan awujud tembung andhahan panambang ingkang gadhah *referen* pedamelan saha kangge ngandharaken raos raketingsesambetan badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

Konteks: Sinchan nginten dhateng ramanipun ingkang asring tindakan saha boten betah

wonten ing griya amargi
piyambakipun gadhah gendakan.
(23) Sinchan: “Padune pak’e ki duwe
gemblekan!”

(Data 12, Keluarga Sinchan, no 26)

Wonten ing tuladha inggil punika kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan panambang inggih punika ‘gemblekan’. Tembung ‘gemblekan’ asalipun saking tembung lingga ‘gemblek’ ingkang pikantuk panambang -an Tembung ‘gemblekan’ punika kalebet tembung pisuhan amargi dipunginakaken kangge nyebataken gendakanipun ramanipun Sinchan. Wonten ing salebeting tuturan punika tembung ‘gemblekan’ kalebet tembung pisuhan amargi dipunwicantenaken dening Sinchan dhateng ramanipun ingkang gadhah gendakan.

Referen saking pisuhan tembung ‘nggatheli’ punika kalebet referen pedamelan. Tembung ‘gemblekan’ punika nedahaken gendakan. Wonten ing tuturan punika Sinchan ngunem dhateng ramanipun ngandharaken bilih piyambakipun tamtunipun ugi nggadahi ‘gemblekan’

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos raking sesambetan. Pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raking sesambetan Sinchan ingkang nginten dhateng ramanipun bilih piyambakipun tamtu nggadahi gemblekan.

e) Pisuhan Awujud Tembung Rangkep

Wonten ing salebeting Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung rangkep kanthi kanthi setunggal *referen* inggih punika *referen*, *aktivitas* tartamtu, ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken raos duka, jengkel, kuciwa, gumun, raking sesambetan, saha getun,. Pirembagan babagan pisuhan awujud tembung andhahan rangkep *referen*

aktivitas tartamtu badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Rangkep
Referen Aktivitas Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Duka

Wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung rangkep kanthi *referen aktivitas* tartamtu saha kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud tembung rangkep ingkang gadhah *referen aktivitas* tartamtu saha kangge ngandharaken raos duka badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

Konteks: Goder mangsuli telpon saking Srinthil kanthi swanten ingkang inggil awit piyambakipun ngina dhateng pedamelanipun.

(26) Goder: “Asu kowe malah **ngelek-elek** gaweanku!”

(Data 5, Tragedhi Kreta Luncur, no 4)

Wonten ing tuladha inggil punika kapanggihaken pisuhan awujud tembung rangkep inggih punika ‘ngelek-elek’. Tembung ‘ngelek-elek’ asalipun saking tembung lingga ‘elek’ ingkang dipunrangkep saha kadhapukan ater-ater ng-Tembung ‘ngelek-elek’ ing salebeting tuturan punika kalebet tembung pisuhan amargi kalebet tembung ingkang kasar saha dipunginakaken kangge ngina dhateng tiyang sanes.

Referen saking pisuhan tembung ‘ngelek-elek’ punika kalebet referen *aktivitas* tartamtu. Tembung ‘ngelek-elek’ punika ngina kanthi saestu dhateng tiyang sanes. Wonten ing tuturan punika Goder boten tampi kaliyan tumindakipun Srinthil ingkang ‘ngelek-elek’ pedamelanipun minangka *security* gudang.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka Goder amargi boten tampi kaliyan tumindakipun Srinthil ingkang ‘ngelek-

elek' pedamelanipun minangka *security* gudang.

1) Pisuhan Awujud Tembung Wancah Referen Perangan badhan

Pisuhan awujud tembung lingga *referen* perangan badhan kapanggihaken setunggal ancas inggih punika pisuhan kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud tembung wancah *referen* perangan badhan badhe karembag wonten ing ngandhap punika.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Wancah Referen Perangan Badhan kangge Ngandharaken Raos Duka

Wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung wancah kanthi *referen* perangan badhan saha kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud tembung wancah ingkang gadhah *referen* perangan badhan saha kangge ngandharaken raos duka badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

Konteks: Srinthil guneman kanthi swanten ingkang inggil dhateng Ucok mawi ngancem badhe ngempleng dhateng piyambakipun awit nglenggahi kursi ingkang dipunpadosi dening Srinthil.

(32) Srinthil: "Wo tak tapuk **ndhasmu** tenan lho kowe mas!"

(Data 5 Tragedhi Kreta Luncur, no 12)

Wonten ing tuladha inggil punika kapanggihaken pisuhan awujud tembung rangkep inggih punika 'ndhasmu'. Tembung wancah 'ndhasmu' punika kalebet tembung andhahan amargi sampun boten wetah saha sampun ewah saking lingganipun. Tembung 'ndhasmu' asalipun saking tembung lingga 'endhas' pikantuk panambang -mu. Tembung 'ndhasmu' ing salebeting tuturan punika kalebet tembung pisuhan amargi dipunginakaken kangge ngancem dhateng tiyang sanes.

Referen saking pisuhan tembung 'ndhasmu' punika kalebet *referen*

perangan badhan. Tembung 'ndhasmu' sejatosipun nedahaken mustakanipun tiyang. Wonten ing tuturan punika tembung 'ndhasmu' boten dipunginakaken kangge nyebataken perangan badhan, nanging punika minangka kangge ngancem Srinthil kanthi ngempleng mustakanipun Ucok amargi piyambakipun nglenggahi kursi ingkang sampun dipunpadosi dening Srinthil

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka Srinthil ingkang ngancem badhe ngempleng mustakanipun Ucok amargi piyambakipun nglenggahi kursi ingkang sampun dipunpadosi dening Srinthil.

3) Pisuhan Awujud Frasa

Wonten ing salebeting Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung *frasa* kanthi kanthi wolung *referen* inggih punika *referen* nama kewan, nama barang, pedamelan, raket ing sesambetan, aktivitas tartamtu, panggenan, perangan badhan, saha kahanan tartamtu ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken raket ing sesambetan, gumun, ngina, getun, jengkel, saha duka. Pirembagan babagan pisuhan awujud *frasa* wancah *referen* nama kewan, nama barang, pedamelan, raket ing sesambetan, aktivitas tartamtu, panggenan, perangan badhan, saha kahanan tartamtu ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken raket ing sesambetan, gumun, ngina, getun, jengkel, saha duka badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

1) Pisuhan Awujud Frasa Referen Nama Kewan

Pisuhan awujud tembung lingga *referen* nama kewan kapanggihaken tigang ancas inggih punika pisuhan kangge ngandharaken raos raket ing sesambetan, ngina saha gumun. Pisuhan awujud *frasa referen* nama kewan badhe karembag wonten ing ngandhap punika.

- (a) Pisuhan Awujud *Frasa Referen* Nama Kewan kangge Ngandharaken Raos Raketingsesambetan

Wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud *frasa* kanthi *referen* nama kewan saha kangge ngandharaken raos raketingsesambetan. Pisuhan awujud *frasa* ingkang gadhah *referen* nama kewan saha kangge ngandharaken raos raketingsesambetan badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

Konteks: Sinchan guneman dhateng ramanipun kanthi nyuwun supados dipundamelaken dhaharan ingkang awujud kripik kadhal.

- (37) Sinchan: “Oh iya pah aku pengen **kripik kadhal.**”

(Data 12 Keluarga Sinchan, no 38)

Wonten ing tuladha inggil punika kapanggihaken pisuhan *frasa* inggih punika ‘kripik kadhal’. *Frasa* ‘kripik kadhal’ punika ngacu dhateng salah satunggaling nama dhaharan awujud kripik ingkang kadamel saking daging kadhal. *Frasa* ‘kripik kadhal’ punika kalebet pisuhan amargi sejatosipun punika boten kangge nyebataken kripik kadhal minangka satunggaling dhaharan nanging punika kangge nyebataken sipatipun tiyang ingkang remen kripik kadhal.

Referen saking pisuhan *frasa* ‘kripik kadhal’ punika kalebet *referen* nama kewan. *Frasa* ‘kripik kadhal’ punika menawi dipungayutaken kaliyan konteks pisuhan dipunginakaken kangge ngandharaken sipatipun tiyang ingkang cluthak saengga remen kaliyan dhaharan ingkang boten limrah. Wonten ing tuturan punika *frasa* ‘kripik kadhal’ dipuntuturaken dening Sinchan ingkang gadhah sipat cluthak kanthi nyuwun dhateng ramanipun supados dipundamelaken nyamikan kripik kadhal.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos raketingsesambetan. Pisuhan punika dipunginakaken kangge

ngandharaken raos raketingsesambetan Sinchan dhateng ramanipun kanthi nyuwun supados dipundamelaken nyamikan kripik kadhal amargi piyambakipun nggadahi sipat cluthak.

3) Pisuhan Awujud *Klausula*

Wonten ing salebeting Pisuhan *Dubbing* Jawa kapanggihaken pisuhan awujud tembung *klausula* kanthi kanthi setunggal *referen* inggih punika *referen aktivitas* tartamtu ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken raos gumun, duka raketingsesambetan, ngina, kuciwa, saha jengkel. Pirembagan babagan pisuhan awujud *frasa referen* aktivitas tartamtu ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken raos gumun, duka, raketingsesambetan, ngina, kuciwa, saha jengkel badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

- (a) Pisuhan Awujud *Klausula Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Gumun

Wonten ing Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa kapanggihaken pisuhan awujud *klausula* kanthi *referen aktivitas* tartamtu saha kangge ngandharaken raos gumun. Pisuhan awujud *klausula* ingkang gadhah *referen aktivitas* tartamtu saha kangge ngandharaken raos gumun badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

Konteks: Nobita ngancem dhateng Doraemon menawi boten purun paring pirsababagan buku palajarannipun badhe dipuntempiling kaliyan piyambakipun.

- (47) Nobita: “Nek ora mbok duduhe **tak kethak ndhasmu kowe!**”

(Data 16 Semprotan Penumbuh Bulu Kelek, no 7)

Wonten ing tuladha inggil punika kapanggihaken pisuhan awujud *klausula* inggih punika ‘tak kethak ndhasmu’. *Klausula* ‘tak kethak ndhasmu’ punika kalebet pisuhan amargi *klausula* punika

dipunginakaken kangge ngampleng dhateng tiyang sanes. Pisuhan ‘tak kethak ndhasmu’ kalebet pisuhan awujud *klausa* amargi tembung ‘tak kethak’ punika wasesa saha tembung ‘ndhasmu’ minangka lesan.

Tak kethak ndhasmu

W L

Referen saking pisuhan *klausa* ‘tak kethak ndhasmu’ punika kalebet *referen aktivitas* tartamtu. *Klausa* ‘tak kethak ndhasmu’ punika nedahaken bilih menawi dipungayutaken kaliyan konteks pisuhan inggih punika *aktivitas* tiyang ingkang ngancam badhe nempiling tiyang menawi boten dipunparingi pirsa babagan satunggaling barang. Wonten ing tuturan punika *klausa* ‘tak kethak ndhasmu’ dipuntuturaken dening Nobita dhateng Doraemon ingkang ngancam badhe nempiling piyambakipun menawi boten dipunparingi pirsa babagan buku pelajaranipun.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Pisuhan punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos gumun Nobita dhateng Doraemon awit piyambakipun saestu boten mangertosi babagan buku pelajaranipun nanging Nobita boten pitados lajeng ngancam badhe nempiling piyambakipun.

E. DUDUTAN

Saking asiling pirembagan panaliten wonten ing pisuhan wonten ing *Suntingan* Video Humor Basa Asing dhateng Basa Jawa undhuan saking Youtube punika saged dipunpanggihaken dudutan. Dudutan ingkang kapanggihaken punika gayutan kaliyan wujud, *referen* saha ancas pisuhan wonten ing salebeting Video *Suntingan* Basa Asing dhateng Basa Jawa. Pirembagan babagan dudutanipun badhe kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

1. Wujud basa pisuhan wonten ing salebeting pisuhan wonten ing *suntingan* video humor Basa Asing

dhateng Basa Jawa Undhuan saking Youtube kapanggihaken tigang wujud inggih punika pisuhan awujud tembung, *frasa*, saha *klausa*. Pisuhan awujud tembung gadhah enem wujud inggih punika pisuhan awujud tembung lingga, tembung andhahan ater-ater, tembung andhahan seselan, tembung andhahan panambang, tembung andhahan campuran, tembung rangkep saha tembung wancah.

2. *Referen* basa pisuhan wonten ing salebeting pisuhan wonten ing *Suntingan* Video Humor Basa Asing dhateng Basa Jawa Undhuan saking Youtube kapanggihaken sewelas *referen* inggih punika *referen* nama kewan, *referen* nama perangan badhan, *referen* nama jinising lembut, *referen* nama dhaharan, *referen* nama kahanan tiyang, *referen* nama kahanan tartamtu, *referen* nama *aktivitas* tartamtu, *referen* nama pedamelan, *referen* nama barang, *referen* nama raket ing sesambetan, saha *referen* nama panggenan.
3. Ancas basa pisuhan wonten ing salebeting pisuhan wonten ing *Suntingan* Video Humor Basa Asing dhateng Basa Jawa Undhuan saking Youtube punika kapanggihaken enem ancas inggih punika pisuhan kangge ngandharaken raos duka, raos jengkel, raos kuciwa, raos getun, raos gumun, saha raos raket ing sesambetan.

KAPUSTAKAN

- Chaer, A dan Agustina, L. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: PT.Rineka Cipta. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Hadiwidjana, R.D.S. 1967. *Tata-Sastra*. Yogyakarta: U.P. Indonesia.
- Mauna, Vina. 2013. *Pisuhan Abasa Jawa Salebeting Film Punk In Love*. *Skripsi* Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Moeliono, Anton M. 1988. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Cetakan

- Pertama. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia.
- Moleong, Lexy, J. 1998. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Rosdakarya.
- Mulyana. 2007. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
2004. *Linguistik Umum*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Nababan. 1991. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Nurhayati, Endang. 2009. *Sosiolinguistik. Kajian Kode Tutur dalam Wayang Kulit*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Nurhidayati, E & Mulyani, S. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Poerwadarminta, WJS .1939. *Baoesartra Djawa*. Batavia: J.B Wolters Uitgevers Maatshappij.
- Ramlan. 1983. *Ilmu Bahasa Indonesia Sintaksis*. Yogyakarta: Karyono.
- Budi, S.H. 2014. *Basa Pisuhan Dialek Banyumas wonten ing Lawakan Curanmor*. Skripsi S1. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Rendy, A.B. 2014. *Basa Kasar wonten ing Pentas laskar Dagelan*. Skripsi S1. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Soeparno. 2003. *Dasar-Dasar Linguistik*. Yogyakarta: Mitra Gama Widya.
- Soewito. 1983. *Pengantar Awal Sosiolinguistik. Teori dan Problem*. Surakarta: Henary Offset.
- Sudarmo, Darminto. 2006. *How to Be A Good Comedian Mau Dong Jadi Pelawak*. Jakarta: Kombat.
- Sudaryanto. 2001. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press. 1990. *Menguak Fungsi Hakiki Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Tim Tugas Akhir Skripsi Jurusan. 2014. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
2012. *Suplemen Panduan Penulisan Tugas Akhir Skripsi (TAS)*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- Wardhaugh, Ronald. 1986. *An Introduction to Sociolinguistics*. Oxford: Basil Blackwell.
- Wedhawati dkk. 2005. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius.
- Wijana, I Dewa Putu, dan Muhammad Rohmadi. 2008. *Semantik Teori dan Analisis*. Surakarta: Yuma Pustaka.